



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL REJWENN PWOKIRÈ JENERAL JAMES AK ESPONNSÒ
PWOJÈ LWA POU YO SIYEN LEJISLASYON K AP MENNEN NAN NASYON AN
POU METE RESTRIKSYON SOU FLIKS REZO SOSYAL ADIKTIF YO AK PWOTEJE
TIMOUN YO SOU ENTÈNÈT**

***Lejislasyon S.7694A/A.8148A etabli Lwa SAFE Pou Timoun yo pou mete premye
restriksyon nan Nasyon an sou fliks rezo sosyal adiktif pou minè yo***

***Lejislasyon S.7695B/A.8149A pèmèt Lwa sou Pwoteksyon Done Timoun New York
la entèdi sit entènèt yo kolekte done pèsonèl minè yo san konsantman***

***New York etabli pwoteksyon ki pi sevè nasyon an pou pwoteje timoun yo sou
rezos sosyal yo***

Bati sou efò kontinyèl Gouvènè a pou abòde kriz sante mantal jèn yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki pi enpòtan nan peyi a pou konbat fliks rezo sosyal ki adiktif ak pwoteje timoun yo sou entènèt. Lejislasyon S.7694A/A.8148A etabli Lwa Sispann Eksplwatasyon Fliks Adiktif (Stop Addictive Feeds Exploitation, SAFE) pou timoun yo pral egziye konpayi rezo sosyal yo pou yo mete restriksyon sou piblikasyon ki kreye depandans sou platfòm yo pou itilizatè ki po ko gen 18 an yo. Lejislasyon S.7695B/A.8149A pèmèt Lwa Pwoteksyon Done Timoun Nouyòk la pral entèdi sit Entènèt yo kolekte, itilize, pataje oswa vann done pèsonèl nenpòt moun ki poko gen 18 an, sof si yo resevwa konsantman enfòmè oswa sòf si fè sa nesesè pou rezon sitwèb la.

"Jèn moun yo atravè nasyon an ap fè fas ak yon kriz sante mantal ki te alimente pa fliks rezo sosyal adiktif – epi New York ap trase wout la ak yon nouvo modèl pou abòde kriz la ak pwoteje timoun nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou metrize fliks adiktif yo epi pwoteje done pèsonèl timoun yo, n ap bay yon anviwonman dijital ki pi an sekirite, n ap bay paran yo plis lapè, epi n ap kreye yon avni ki pi briyan pou jèn yo atravè New York."

Pwokirè Jeneral Letitia James ak esponnsò pwojè lwa Senatè Eta Andrew Gounardes ak Manm Asanble Eta a Nily Rozic te Gouvènè a nan siyati pwojè lwa jodi a, sa ki te

make pwen kilminan yon kilminan yon inisyativ ki mennen yon fason konjwen pou pase ak siyen lejislasyon lidè nasyonal sa a.

Avèk lejislasyon ki fèk siyen sa a, New York te etabli pwoteksyon ki pi sevè nan peyi a pou pwoteje timoun yo sou rezo sosyal yo. Aksyon sa a bati sou efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou adrese kriz sante mantal jèn yo.

Pwokirè Jeneral Eta New York la, Letitia James, te deklare, "Fliks adiktif yo ap fè timoun nou yo konekte sou rezo sosyal yo epi yo blese sante mantal yo, epi fanmi yo konte sou nou pou ede abòde kriz sa a. Lejislasyon Gouvènè Hochul te siyen jodi a pral fè New York vin lidè nasyonal nan abòde kriz sante mantal jèn yo ak yon egzanp pou lòt eta yo swiv. Mwen aplodi esponsò yo, Senatè Gounardes ak Manm Asanble Rozic, paske yo te travay ak biwo mwen an pou prezante ak avanse lwa sa a, epi mwen remèsye lidè lejislatif yo pou sipò yo nan pwojè lwa istorik sa yo. Pandan n ap avanse ak pwosesis règleman an, biwo mwen an pral travay san pran souf pou defann nouvo lwa sa yo pou pwoteje timoun New York yo."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Pandan n ap navige menas rezo sosyal yo poze pou jèn nou yo nan peyizaj teknolojik ki toujou ap evolye jodi a, mwen fyè paske, anba lidèchip mwen, Majorite Sena a te kreye Komite Entènèt ak Teknoloji Sena a pou konsantre sou pwoblèm sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James ak Sipòtè Pwojè a Senatè Gounardes pou travay dilijan yo fè sou lejislasyon sa a epi paske yo kolabore ak moun ki gen enterè yo ak kòlèg yo pou yo rive jwenn yon akò ki pi byen sipòte jèn nou yo pou yo ka sèvi ak rezo sosyal yo nan yon pi bon fason. Ansanm, n ap kontinye pran tout aksyon ki nesèsè pou pwoteje byennèt mantal timoun nou yo."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Menm jan teknoloji ap evolye, fason nou pwoteje timoun nou yo kont malè dwe evolye tou – alafwa sou entènèt ak nan lavi reyèl. Pwojè lwa sa yo pral bay paran yo zouti pou ede pwoteje timoun yo kont pratik predate ki gen enpak sou sante mantal yo lè yo elimine piblikasyon pèsonalize ki kreye depandans epi ki pral fè vi prive sou entènèt la pa defo pou timoun New York yo, pou anpeche konpayi yo kolekte epi itilize done yo. Mèsi ak sipòtè nou nan Asanble a Nily Rozic ak Gouvènè Kathy Hochul, Pwokirè Jeneral Letitia James ak patnè nou yo nan Sena a pou tout travay yo te fè sou sa a pou rann espas sou entènèt yo vin pi an sekirite pou timoun yo."

Lejislasyon ki siyen jodi a adrese defi kritik jèn yo ap fè fas. Dapre [yon konsèy](#) U.S. Surgeon General pibliye, rechèch resan yo montre ke adolesan ki pase plis pase twa èdtan pa jou sou rezo sosyal yo fè fas a doub risk pou yo fè eksperyans move rezilta sante mantal, tankou sentòm depresyon ak enkyetid. Anplis de sa, yon [rapò](#) resan ki soti nan Pew Research Center te jwenn ke sis sou 10 adolesan di yo santi yo gen ti kras oswa pa gen okenn kontwòl sou enfòmasyon pèsònèl ke konpayi rezo sosyal yo kolekte sou yo.

Lwa SAFE pou Timoun lan

Fliks adiktif yo, oswa fliks ki estimile yon fason algorit, fasilite nivo malsen itilizasyon rezo sosyal. Lejislasyon sa a pral egziye konpayi rezo sosyal yo pou yo mete restriksyon sou piblikasyon ki kreye depandans sou platfòm yo pou itilizatè ki poko gen 18 an. Sòf si gen konsantman paran yo, itilizatè ki poko gen 18 an p ap resevwa piblikasyon ki kreye depandans. An patikilye, Lwa SAFE pou Timoun lan se yon pwojè lwa inik ki te siyen an lwa nan nenpòt eta atravè nasyon an.

Dapre lwa sa a, timoun yo ka toujou sèvi ak rezo sosyal yo. Pa egzanp, yo ka kontinye chèche sijè espesifik ki enterese yo oswa abònne ak kreyatè yo men yo pa pral sijè ak piblikasyon ki baze sou algoritki ankouraje nivo angajman malsen. Lwa pral entèdi tou platfòm rezo sosyal yo voye notifikasyon konsènan piblikasyon ki kreye depandans bay minè soti 12:00 a.m. rive 6:00 a.m. san konsantman paran yo. Lwa pral otorize Biwo Pwokirè Jeneral la (Office of the Attorney General, OAG) pou fè aplike lwa a epi asire yo respekte li, enkli chèche penalite sivil jiska 5,000 dola pou chak vyolasyon, pami lòt solisyon. Epi finalman, li mande pou etablisman verifikasyon laj akseptab ak metòd konsantman paran yo, pou yo detèmine pa OAG la kòm yon pati nan yon pwosesis pou fè règ.

Lwa Pwoteksyon Done Timoun New York la

Lejislasyon sa a pral entèdi sit Entènèt yo kolekte, itilize, pataje oswa vann done pèsonèl nenpòt moun ki poko gen 18 an, sof si yo resevwa konsantman enfòmè oswa sòf si fè sa nesèsè pou rezon sitwèb la. Li otorize tou OAG pou fè respekte lalwa, enkli chèche penalite sivil jiska 5,000 dola pou chak vyolasyon.

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Eta New York yon lòt fwa ankò ap trase chemen an lè li adopte lwa pou pwoteje jèn nou yo kont enpak negatif medya sosyal yo ak algorithm danjere yo itilize sou platfòm yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap konstwi tou sèvis sante mantal solid ak sipò pou jèn yo, pou yo gen resous pou adrese pwoblèm sante konpòtmantal yo rankontre. Mwen felisite angajman li pou sante mantal jèn yo ak paske li konstwi yon sistèm swen solid nan eta nou an ki pral sèvi bezwen tout Nouyòkè yo."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare,

"Nou konnen prepare timoun nou yo ak adolesan nou yo pou siksè sou entènèt ka ede ankouraje lespri ki an sante ak relasyon an sante alavni, alafwa sou entènèt ak nan mond reyèl la. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou devouman w pou pwoteje jèn nou yo kont pratik medya sosyal ki danjere epi ki bay depandans. New York ap trase wout la, li bay yon egzanp pou lòt eta yo swiv. Gras ak envestisman Gouvènè a, OPDV pran angajman pou l bati sou fondasyon sa a ak travay nou sou fòmasyon k ap vini ak kanpay sansibilizasyon sou sèkstasyon."

Senatè Eta Andrew Gouardes te deklare, "New York ap voye yon mesaj klè bay gwo konpayi teknoloji yo: pwofi nou yo pa pi enpòtan pase vi prive ak byennèt timoun nou yo. Kòm papa de jèn timoun, viktwa sa a pèsonèl, e mwen patikilyèman rekonesan anvè jèn yo, paran yo, pwofesè yo, ak òganizasyon toupatou nan eta a ki te goumen kont konpayi ki pi pwisan yo nan mond lan, epi ki te mande yon mond dijital ki pi an

sekirite. Jodi a pa t ap posib san lidèchip Gouvènè Kathy Hochul ak angajman fèm pou pwoteje timoun yo kont mal rezo sosyal yo, epi mwen remèsye li paske li te siyen de pwojè lwa enpòtan sa yo. Etap enpòtan sa pa sèlman yon viktwa pou timoun New York yo — nouvo lwa nou yo ouvri wout la pou rès peyi a suiv egzanp. Nou pote viktwa sou gwo konpayi teknoloji yo, ou kapab fè sa tou."

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Plis pase de deseni apre lwa sou enfòmasyon prive timoun yo te mete, adopsyon pwojè lwa sa yo montre ke New York ap pran latèt nan mete sekirite ak konfidansyalite Nouyòkè yo an premye. N ap pran aksyon desizif pou pwoteje timoun nou yo kont enfliyans danjere algorit ki kreye depandans ak koleksyon done san kontwòl lè nou adopte Lwa SAFE pou Timoun lan ak Lwa sou Pwoteksyon Done Timoun New York la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James, ak Senatè Gounardes pou efò kolaborasyon inebnanlab yo pou pwoteje jèn yo nan epòk dijital la."

Prezidan NYSUT la, Melinda Person, te di, "Pwoteje timoun yo sou Entènèt nan mitan yon kriz sante mantal fè bon sans, epi nou fyè dèske New York ap trase wout la. Lejislasyon ki avanse pa Pwokirè Jeneral James, Senatè Gounardes ak Manm Asanble Rozic, epi Gouvènè Hochul siyen an, pral pran mezi istorik pou adrese aspè ki pi danjere nan rezo sosyal yo. Edikasyon NYSUT atravè eta a te fè tandè vwa yo pou sipòte pwojè lwa sa yo, epi n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou pwoteje sante mantal elèv nou yo."

Michael Mulgrew, Prezidan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers), te deklare, "New York ap defann timoun nou yo lè li konfwonte konpayi teknoloji yo epi li mande plis enfòmasyon prive pou timoun nou yo ak plis pwoteksyon kont karakteristik ki kreye depandans ak predate platfòm rezo sosyal yo. Nou aplodi Gouvènè Kathy Hochul, Pwokirè Jeneral Tish James, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble Carl Heastie, Senatè Andrew Gounardes, ak Manm Asanble Nily Rozic paske yo pwoteje timoun nou yo."

Fondatè ak PDG Common Sense Media, James P. Steyer, te deklare, "Lè lidè ki pi pwisan nan eta yo mete tèt yo ansanm pou bay byennèt timoun ak fanmi yo priyorite sou pwofi Gwo Konpayi Teknoloji yo, bagay etonan ka rive. Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James, Senatè Gounardes, ak Manm Asanble Rozic merite tout rekonesans Nouyòkè yo paske yo te goumen pou pwojè lwa revolisyonè sa yo epi mete yo an lwa. Common Sense pa ka tan pou sèvi ak viktwa sa a pou sekirite ak konfidansyalite sou entènèt timoun yo kòm yon modèl pou nasyon an."

Fondatris ak Direktris Egzekitif Mothers Against Media Addiction (MAMA) Julie Scelfo, te deklare, "Nouvo lejislasyon sa a pou pwoteje timoun kont malè rezo sosyal yo nan mond reyèl la se yon gwo viktwa pou paran ak fanmi atravè New York. Nou rekonesan anè Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James ak lejislati New York la paske yo bay sante ak byennèt timoun nou yo priyorite sou yon ti ponyen konpayi teknoloji, ki pwofite sible timoun yo ak algorit ki kreye depandans ak kontni danjere. Nou espere ke

lòt eta pral gade New York kòm yon modèl sou kijan pou pwoteje timoun yo sou entènèt epi ba yo anfans yo merite a."

Fondatè ak Direktè Egzekitif Long Island Coalition Against Bullying, Joseph A. Salamone, te deklare, "Lejislasyon sa a se yon viktwa ekstrawòdinè pou paran, pwofesè yo ak jèn yo atravè eta nou an epi li voye yon mesaj klè ke epòk konpayi teknoloji yo ki priorize pwofi sou byennèt timoun yo fini. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou efò istorik li pandan n ap travay ansanm pou konstwi yon pi bon avni pou timoun nou yo."

Direktè Egzekitif NAMI NYS la, Sharon Horton, te deklare, "Pandan sesyon sa a, NAMI-NYS te ensiste sou nesesite pou adrese bezwen avni New York la, ki se jèn nou yo. Li enpòtan anpil pou New York adrese plizyè strès negatif ki kontribye nan kriz sante mantal jèn yo. NAMI-NYS rekonesan dèske Gouvènè Hochul ak lidè Eta New York yo te franchi gwo etap pou avanse anpil mezi enpòtan ki nesesè pou sipòte jèn nou yo epi rankontre yo kote yo ye nan pakou sante mantal yo. Sa gen ladann dirije nasyon an nan travay pou adrese wòl medya sosyal yo jwe nan ewode byennèt mantal jèn yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James ak lidè lejislatif nou yo paske yo bay avni nou an priorite lè yo abòde enpak negatif rezo sosyal yo epi pwoteje vi prive jèn nou yo. Lidèchip yo sou pwoblèm sa yo ap prepare wout la nan reyalize vizyon NAMI-NYS sou yon monn kote tout moun ki afekte nan maladi mantal yo, ap viv an sante, yon lavi ki bay satisfaksyon, ak sipòte pa kominote ki pran swen yo."

PDG Mental Health Association in New York State, Glenn Liebman, te deklare, "Pami anpil pwoblèm ki afekte sante mantal jèn yo, depandans medya sosyal yo vin tounen yon pwoblèm ki de pli zan pli grav. Lè Gouvènè Hochul siyen lejislasyon enpòtan sa a, l ap trase wout pou adrese pwoblèm sa a lè li mete restriksyon sou piblikasyon ki kreye depandans epi kreye espas ki pi an sekirite pou jèn yo sou entènèt. Nou apresye anpil angajman Gouvènè Hochul pran pou pwoteje sante mantal jèn yo atravè Eta New York. Nou remèsye tou Pwokirè Jeneral James, Senatè Eta Gounardes ak Manm Asanble Rozic pou travay san pran souf yo ak lidèchip yo sou pwoblèm enpòtan sa a."

Pouse Diskisyon Nasyonal la pou Pi devan

Lè li siyen lwa sa a, Gouvènè Hochul te etabli New York kòm lidè nan kreye yon anviwonman dijital ki pi an sekirite pou jèn yo. Lejislasyon ki baze sou prensip Lwa SAFE pou Timoun lan ap konsidere nan Kalifòni, epi defansè yo te mande pou lòt eta yo prezante pwopozisyon an menm jan an. Anplis de sa, defansè ak lòt moun ki gen enterè yo te mande pi gwo aksyon nan nivo federal. Pa egzanp, nan yon [editorial](#) resan, kòm yon pati nan yon seri nouvo lide, U.S. Surgeon General te mete presyon pou lejislasyon federal ki reflekte kèk eleman Lwa SAFE pou Timoun lan ak Lwa Pwoteksyon Done Timoun New York la.

Proteje Adolesan yo kont Eksplwatasyon sou Entènèt

Anplis de lejislasyon ki siyen jodi a, Gouvènè Hochul te pran lòt mezi tou pou pwoteje jèn yo sou Entènèt. Nan kad Bidjè Gouvènè Hochul pou ane fiskal 25 la, Gouvènè a te

mande Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) pou devlope pwogram fòmasyon ak asistans teknik ki konsantre sou sèkstòsyon ansanm ak yon sit entènèt enfòmasyon piblik epi fè yon kanpay sansibilizasyon piblik. Pwogram fòmasyon ak asistans teknik yo pral ede alafwa òganizasyon ki bay sipò kont vyolans ki baze sou sèks yo ak ajans fòs lòd yo k ap chèche sipòte viktim yo epi mennen ankèt sou krim sèkstòsyon yo. Sit entènèt ki fè fas ak piblik la pral bay materyèl edikatif pou gadyen yo ak lòt odyans yo. Kanpay konsyantizasyon piblik la pral sèvi ak platfòm rezo sosyal yo pou fè konnen siy avètisman sèkstòsyon, abi ak montaj ki fasilite pa teknoloji.

Fè Fas ak Kriz Sante Mantal Jèn yo

Nan kad investisman 1 milya dola gouvènè a nan sante mantal nan tout eta a, Gouvènè Hochul te siyifikativman elaji aksè ak swen sante mantal ak resous pou jèn moun yo ak fanmi yo. Sa a konsantre sou sipò jèn ak sèvis kontinyèl ak investisman adisyonèl garanti pa Gouvènè a nan Bidjè Ane Fiskal 2025 yo Adopte a.

Gouvènè Hochul te pran mezi nan Bidjè yo te Adopte a pou elaji sipò sante mantal pou timoun yo atravè eta a epi asire ke yo tandè vwa yo, pou konkretize ajanda li te revele nan diskou eta leta a nan mwa janvyè a. Gouvènè a [te anonse](#) 20 milyon dola nan finansman konpayi demaraj yo pou klinik sante mantal ki baze nan lekòl ki te lanse yon aplikasyon kontinyèl, ki pral fè li pi fasil pou lekòl ki enterese yo etabli satelit sa yo pase nan pwosesis akizisyon eta deja itilize. Anons sa a te bati sou 5.1 milyon dola yo te akòde an novanm nan pou sipòte 137 nouvo klinik ki baze nan lekòl yo, ki gen ladan 82 nan lekòl ki gen bezwen elve yo, epi ki te pote kantite total klinik lan nan plis pase 1,200 nan tout eta a.

Bidjè ane fiskal 2025 yo adopte a gen ladan tou yon investisman plis pase 19 milyon dola pou bay jèn yo swen enpòtan andeyò anviwònman lekòl yo, tankou ogmante resous pou jèn k ap resevwa tretman nan kominote yo oswa, lè sa nesesè, nan swen rezidansyèl yo. Inisyativ kle tankou ekip Tretman Kominotè Asètiv pou Jèn yo, ki bay sèvis konplè ak sipò pou jènki riske antre nan tretman sikyatrik rezidansyèl oswa pou pasyan ki entènè, yo te elaji ak 9.6 milyon dola pou kontinye sèvi yo lakay yo ak nan kominote yo chak fwa sa posib. Anplis de sa a, Gouvènè a pral garanti yon lòt 4 milyon dola pral sipòte yon pwogram padon prè espesyalman pou klinisyen sante mantal ki gen lisans k ap sèvi timoun ak fanmi yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)